

## PRESUPOSISI SAJRONE PETHILAN-PETHILAN (QUOTES) INSTAGRAM @pathdailyjowo TAUN 2017

Karisma Dwi Rahayu

Pembimbing: Dr. Murdiyanto, M.Hum

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

karismarahayu@mhs.unesa.ac.id

### ABSTRAK

Presuposisi yaiku pangira-ira kang diduweni mitra tutur lan pamaca gegayutan karo wacana kang diolehi. Panliten iki ngenani presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram* @pathdailyjowo taun 2017. Underane panliten iki yaiku (1) apa wae jinise presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram* @pathdailyjowo taun 2017? (2) apa wae wujud presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram* @pathdailyjowo taun 2017? (3) apa gunane presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram* @pathdailyjowo taun 2017? (4) kepriye pola distributife presuposisi kang ana sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram* @pathdailyjowo taun 2017? Adhedhasar underan kasebut, ancase panliten iki njlentrehake jinis presuposisi, wujud presuposisi, gunane presuposisi, lan pola distributife presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram* @pathdailyjowo taun 2017.

Panliten iki nggunakake landhesan teori analisis wacana pragmatik, amarga dhata kang arupa wacana tulis djilrentrehake nggunakake teori pragmatike George Yule. Presuposisi kaperang dadi nem jinis, yaiku presuposisi eksistensial, presuposisi faktif, presuposisi nonfaktif, presuposisi struktural, presuposisi leksikal, dan presuposisi konterfaktual. Wujud saka presuposisi kasebut bisa arupa tembung, gatra, ukara gatra, lan ukara.

Presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram* @pathdailyjowo taun 2017 ana telu, yaiku presuposisi faktif, kang kaperang dadi loro, yaiku presuposisi faktif tanduk lan tanggap. Presuposisi struktural uga kaperang dadi loro, yaiku presuposisi struktural retoris lan samar. Dene presuposisi konterfaktual uga kaperang dadi loro yaiku presuposisi konterfaktual nyata lan mokal. Wujud presuposisi faktif yaiku tembung kriya, presuposisi struktural awujud ukara pitakon, dene presuposisi konterfaktual wujude tembung pangket. Guna saka presuposisi kasebut sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram* @pathdailyjowo taun 2017 yaiku kanggo nyemoni, meling, menging, nyuwun, lan nggodha. Adhedhasar satus telung puluh telu dhata, ditemokake suwidak pitu pethilan kagolong presuposisi faktif, patang puluh siji pethilan kagolong presuposisi struktural, lan selawé pethilan kagolong presuposisi konterfaktual.

Tembung wigati: Presuposisi, *@pathdailyjowo*

### PURWAKA

#### 1.1 Landhesan Panliten

Presuposisi kuwi bisa diarani minangka praanggapan utawa anggepan ing basa Jawa, lan *dugaan* ing basa Indonesia. Praanggapan kuwi tuwuh saka apa kang dituturake utawa kang ditulis dening panutur utawa panulis. Dituturake panutur sajrone wacana lisan, dene ditulisake dening panulis menawa ana sajrone wacana tulis. Mula, presuposisi kuwi diduweni dening mitra tutur sajrone wacana lisan, lan pamaca sajrone wacana tulis.

Presuposisi bisa ditintingi lumatar telung tintingan, yaiku semantik, analisis wacana, lan pragmatik. Presuposisi semantik minangka tintingan kang negesi salah sawijine tuturan utawa tulisan tanpa ndeleng konteks, amarga proses negesi ing kene manut teges leksiko (kamus). Presuposisi sajrone analisis wacana makna gagasan sajrone tuturan utawa tulisan dideleng saka aspek *kohesi* lan *koherensi*. Dene presuposisi pragmatik ndeleng tuturan utawa tulisan kanthi jangkep kanthi nggatekake konteks. Mula presuposisi utawa

praanggapan sajrone pragmatik kuwi prelu disinaoni kanggo ngertení maksud tuturan utawa tulisan kang tegese ora bisa diandharake yen ditintingi nganggo teori semantik kanthi anane konteks lan koteks kasebut.

Presuposisi iki gampang banget ditemokake ana ing bebrayan, amarga kanthi ora sadhar, bebrayan asring nduweni pangira-ira tumrap kedadeyan apa wae kang dumadi ing sakupenge. Saben wong nduweni pangira-ira kang beda, amarga pangira-ira kuwi dipangribawani anane konteks tuturan. Pamawas mau dilandhesi anane pamawas saka Levinson kang ngandharake yen pangira-ira iki uga bisa dingertení minangka samubarang kang didadekake lelandhesan kang gegayutan karo tuturan kang diduweni lan diweruhi dening panutur lan mitra tutur minangka tuturan kang gathuk karo konteks. Pamawase Levinson mau bisa dingertení yen presuposisi mau merlokake konteks kanggo tetimbangan teges utawa anggepan kang bakal tuwuh lan diduweni dening mitra tutur utawa pamaca sajrone wacana tulis utawa wacana lisan.

Wacana lisan utawa *spoken discourse* miturut Tarigan (2009:52) yaiku wacana kang disuguhake kanthi

lisan, dadi nduweni sesambungan karo basa lisan. Wujude wacana lisan kaya kang wis sinebut ing ndhuwur bisa arupa pacaturan, tuturan. lsp. Dene wacana tulis, Kridalaksana sajrone Tarigan (2009:52) ngandharake yen wacana lisan minangka wujud *konstruksi* saka tuturan kang disuguhake lumantar tulisan utawa gramatikal. Wacana tulis iki wiwit ana nalika aksara dikenal dening babratan, mula sesambungan karo basa tulis. Wujud saka wacana tulis iki macem-macem, kayata *iklan* utawa sponsor, peraturan, lsp.

Jaman wis owah, kanthi anane IPTEK kang saya ngrembaka lan maju. Majune IPTEK mau uga mangribawani wacana lisan, utamane wacana tulis. Wacana tulis ing jaman saiki akeh banget wujude, wiwit *iklan* utawa sponsor, peraturan, unen-unen kang kagambar aneng alat transportasi. Wacana tulis kang paling akeh lan gampang ditemokake aneng jaman saiki yaiku wacana tulis kang aneng medhia sosial. Wacana tulis kang biyasane aneng ing medhia sosial kuwi akeh banget jinise. Mula, narik kawigaten kanggo ditintingi.

Medhia sosial bisa dingerteni minangka jaringan sosial kaya layanan abasis web kang bisa digunakake kanggo mangun profil publik utawa semi publik kang bisa diakses marang profil liya kang nduweni sesambungan, Yusup lan Graha (2007:2). Medhia sosial kuwi akeh wujude, antarane yaiku *blog, facebook, twitter, path, youtube, link-in, path, instagram, lsp.* Medhia sosial kang lagi populer ing bebrayan saiki yaiku *instagram*. Pamawas kasebut disengkuyung dening panliten Asosiasi Penyelenggara Jasa Internet Indonesia (APJII) (sajrone: <http://tekno.liputan6.com>) kang nuturake yen *instagram* kuwi minangka medhia sosial urutan kaping telu kang digandringi dening bebrayan Indonesia, kanthi cacahe wong kang nggunakake kira-kira yaiku 19,9 yuta. *Instagram* bisa nyuguhake video, gambar, swara lan tulisan kanthi bebarengan. Wacana tulis sajrone *instagram* kuwi uga akeh jinise, kayata *caption, quotes, story, bio, lsp.*

*Quotes* utawa pethilan sajrone medhia sosial *instagram* dadi salah sawijine wacana tulis kang narik kawigaten kanggo ditintingi. Pethilan iki disuguhake nganggo basa Indonesia, Inggris, lan Jawa, kang ana sajrone akun tartamtu. Salah sawijine akun kang nyedyakake *quotes* basa Jawa yaiku akun @pathdailyjowo. Pethilan sajrone akun kasebut narik kawigaten kanggo ditintingi mligine para mudha, amarga basa Jawa kang dienggo sajrone *quotes* mau gampang dingerteni lan kadhang kala ndadekake para mudha kang maca trenyuh atine.

Panliten ngenani presuposisi iki arang ditliti ing basa Jawa. Akeh-akehe panliten ngenani pangira-ira utawa presuposisi ditliti ing basa Indonesia. Kanyatan kaya mangkono bisa dijalari menawa panliti sadurunge

durung ngerti sejatiné objek kang bisa dijupuk kuwi akeh banget lan narik kawigaten kanggo ditliti sajrone basa Jawa. Lan maneh, objek kang bakal ditliti ing kene narik kawigaten banget, amarga wujude arupa wacana tulis kang asale saka medhia sosial kang lagi digandringi dening bebrayan ing jaman saiki. *Quotes* utawa pethilan ing medhia sosial akun @pathdailyjowo iki uga nduweni daya tarik bebrayan utamane para mudha ing jaman saiki. Adhedhasar gegambaran kasebut, mula pantliti ing kene bakal nindakake panliten kanthi irah-irahan Presuposisi sajrone Pethilan-Pethilan (*Quotes*) Instagram @pathdailyjowo Taun 2017. Panliten iki bakal ditintingi nggunakake teori Analisis Wacana Pragmatik.

## 1.2 Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, mula panliten iki bakal dipunjerake ing patang prekara ing ngisor iki.

- (1) Apa wae jinise presuposisi sajrone *pethilan-pethilan (quotes)* *instagram* @pathdailyjowo taun 2017?
- (2) Apa wae wujude presuposisi sajrone *pethilan-pethilan (quotes)* *instagram* @pathdailyjowo taun 2017?
- (3) Apa gunane presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram* @pathdailyjowo taun 2017?
- (4) Kepriye pola distributif presuposisi kang ana sajrone *pethilan-pethilan (quotes)* *instagram* @pathdailyjowo taun 2017?

## 1.3 Ancase Panliten

Adhedhasar landhesane panliten lan punjere panliten ing ndhuwur, mula panliten iki nduweni ancas kaya kang sinebut ing ngisor iki.

- (1) Njlentrehake jinise presuposisi sajrone *pethilan-pethilan (quotes)* *instagram* @pathdailyjowo taun 2017.
- (2) Njlentrehake wujude presuposisi sajrone *pethilan-pethilan (quotes)* *instagram* @pathdailyjowo taun 2017.
- (3) Njlentrehake gunane presuposisi sajrone *pethilan-pethilan (quotes)* *instagram* @pathdailyjowo taun 2017.
- (4) Njlentrehake pola distributif presuposisi sajrone *pethilan-pethilan (quotes)* *instagram* @pathdailyjowo taun 2017.

## 1.4 Paedahe Panliten

Paedahe sajrone panliten iki bisa diperang dadi loro, yaiku paedah teoretis lan paedah praktis.

### 1.4.1 Paedah Teoretis

Paedah teoretis asile panliten iki bisa kanggo panyengkuyung ngrembakakake pasinaon pragmatik Jawa kang wis ana sadurunge. Saliyane kuwi, asile panliten iki bisa nambahi kawruh lan wawasan kang nduweni sesambungan karo ilmu pragmatik, mligine ing pasinaon presuposisi.

#### 1.4.2 Paedah Praktis

Asile panliten iki bisa menehi ilmu lan nambahi kawruh tumrap para mahasiswa lan siswa ing sekolah angenani piwulangan basa Jawa. Saliyane kuwi, saka asile panliten iki pawongan ngerti lan bisa mocapake tuturan kanthi cara kang bener. Pungkasane yaiku dikarepake supaya panliten iki bisa menehi wawasan tumrap pamaca yen dadi mitra tutur utawa pamaca.

#### 1.5 Watesane Panliten

Panliten iki ana wates-watese prekara kang dititi. Anane prekara-prekara kasebut diwatesi amarga saka kurang rowane kawruh kang dinduweni panliten. Wewatesan kasebut antarane yaiku:

- (1) Basa sajrone panliten iki nggunakake Basa Jawa Ngoko.
- (2) Wewatesan kaping pindho yaiku teori kang digunakake yaiku analisis wacana pragmatik.
- (3) Sumber dhata saka panliten iki mung pethilan-pethilan (*quotes*) saka akun *instagram @pathdailyjowo*.
- (4) Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku pethian-pethilan (*quotes*) *@pathdailyjowo* taun 2017.

#### 1.6 Panjlentrehe Tetembungan

Supaya ora kliru anggone ngerten tembung-tembung kang digunakake ing panliten iki, mula perlu diandharake wewatese tetembungan ing panliten iki. Tetembungan kang digunakake ing panliten iki yaiku.

##### 1.6.1 Presuposisi

Kridalaksana (1984:159) ngandharake presuposisi yaiku sarat kang diperlokake kanggo ngerten maksud sajrone tuturan. Istilah presuposisi ing basa Indonesia sinebut *praanggapan*, dene ing basa Jawa sinebut pangira-ira. Pangira-ira iku dumadi saka tembung lingga kira. Tegese kira yaiku panduga utawa panyana (Sudaryanto, 2001:445). Dadi presuposisi bisa ditegesi panduga, panyana, utawa pangira-irane mitra tutur tumrap wedharane panutur.

##### 1.6.2 Panutur

Sudaryanto (2001:765) ngandharake yen panutur yaiku uwong kang pinter gunem. Dene Nadar (2009:8) ngandharake panutur utawa (*orang ke I*) minangka uwong kang nuturake sithik akehe tuturan. Dadi panutur iku bisa ditegesi uwong kang pinter gunem kang menehi tuturan tumrap mitra tutur. Dhasare panutur gumantung saka jinis

kelamin, asal dhaerah, asal golongan masyarakat, umur, profesi, klompok etnik, lan agama.

##### 1.6.3 Mitra Tutur

Nadar (2009:8) ngadharake yen mitra tutur iku O2 (*orang ke II*) kang dadi lawan tuture panutur. Mitra tutur bisa ditegesi uwong kang diajak guneman dening panutur. Mitra tutur minangka pananggape panutur, bisa uga ditegesi uwong kang dadi punjere saka panutur.

### METODHE PANLITEN

#### 3.1 Ancangan Panliten

Saben panliten mesthi nggunakake metodhe panliten kanggo nggayuh tujuwan kang wis dirumusake. Djajasudarma (1993:3) ngandharake yen metodhe panliten mujudake piranti, prosedur, lan tata cara kanggo nliti objek kang dipilih dening panliti. Metodhe panliten basa nduweni sesambungan karo tujuwan panliten basa. Panliten basa nduweni tujuwan kanggo nglumpukake, ngolah sarta nyinaoni fenomena-fenomena basa. Panliten kang nggunakake metodhe kualitatif tegese panliten iku nggunakake prosedur tartamtu kanggo ngasilake dhata dheskriptif kang wujude tembung-tembung kang ditulis utawa lisani saka manungsa. Sajrone panliten kualitatif metodhe kang digunakake yaiku wawancara, pengamatan, lan metodhe kang manfaatake dokumentasi.

Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitalif. Sudaryanto (1993:62) ngandharake dheskriptif kualitatif yaiku panliten kang nengenake kanyatan utawa tandha-tandha empiris kang urip sajrone pribadine panutur. Panliten dheskriptif minangka panliten kang nuduhake anane kanyatan ing lapangan kang nduweni sesambungan karo panliten iki. Panliten dheskriptif nganalisis kanyatan-kanyatan kanthi nggunakake cara observasi langsung. Kanthi ancangan dheskriptif kualitatif, panliten iki dikarepake bisa ngolehake gegambaran kang cetha lan objektif ngenani presuposisi sajrone pethilan (*quotes*) *instagram @pathdailyjowo*.

#### 3.2 Sumber Dhata Lan Dhata

##### 3.2.1 Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku subjek saka ngendi anggone nemokake dhata kasebut, Arikunto (1988:144). Miturut Sutopo (2006:56-57), sumber dhata yaiku papan panggonan dhata mau bisa ditemokake kanthi ngggunakake metodhe tartamtu, bisa arupa manungsa, artefak, utawa dokumen-dokumen. Sumber dhata mau banjur dikumpulake kanthi cara ndeleng, ngrungokake, lan takon. Panliten kualitatif, nindakake sakabehe proses kuwi kanthi sadhar, manut arah, lan tansah nduweni ancas supaya pikantuk informasi kang diperlokake.

Sumber dhata uga mujudake perangan kang baku sajrone panliten, antarane sumber dhata lan panliten kudu

nduweni sesambungan kang baku lan kuwat. Sumber dhata ing panliten iki asale saka *screenshot* pethilan (*quotes*) instagram @pathdailyjowo. Dene dhata sajrone panliten iki arupa ukara-ukara kang digunakake sajrone pethilan (*quotes*) instagram @pathdailyjowo.

### 3.2.2 Dhata

Dhata yaiku sakabehane kanyatan kang bisa dadi bahan nyusun sawijine informasi utawa asale cathethan panliti kang diolah kanggo asile panliten. Miturut Mursidin (2010:169), dhata kang bener yaiku dhata kang ana kaya kahanan asline. Dhata kang bener iku ngandhut teges ing sawalike dhata kang ana kasebut. Miturut Sudaryanto (1990:3) dhata kuwi ora padha karo objek panliten. Amarga dhata bisa didadekake bahan panliten, dudu objek panliten.

Dhata sajrone panliten iki kaperang dadi loro, yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer panliten iki arupa ukara-ukara utawa tetembungan kang digunakake sajrone pethilan (*quotes*) instagram @pathdailyjowo taun 2017. Dene dhata sekunder arupa pethilan-pethilan instagram @pathdailyjowo taun 2017. Dhata kang ditliti kasebut wis kasil kecathet sawise nindakake proses nyemak lan dokumentasi pethilan (*quotes*) instagram @pathdailyjowo.

### 3.3 Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo ngukur fenomena alam utawa sosial kang dijingglengi, Sugiyono (2006:102). Instrumen panliten uga bisa ditegesi minangka piranti kang digunakake kanggo ngumpulake dhata utawa informasi panliten, Sanjaya (2011:84). Adhedhasar rong pamawas kasebut, dudutan kang bisa dituwuhake yaiku instrumen sajrone panliten kuwi yaiku panliti dhewe.

Instrumen kang digunakake sajrone panliten iki yaiku panliti minangka instrumen utama. Dene instrumen panyengkuyunge yaiku *handphone* (HP), *laptop*, lan potlot utawa pulpen sarta buku cathetan minangka intrumen panyengkuyung kanggo nglumpukake dhata. Instrumen utama lan instrumen panyengkuyung kasebut nduweni peran kang beda-beda, nanging kabeh kuwi sinambung lan diperlokake ing panliten iki.

### 3.4 Tatacara Nglumpukake Dhata

Tatacara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata ing panliten iki yaiku ngunakake metodhe dokumentasi. Miturut Hamidi (2004:72) metodhe dokumentasi yaiku informasi kang asale saka cathetan kang wigati saka lembaga utawa organisasi utawa saka liyan. Dokumentasi panliten kuwi minangka kagiyatan kanggo njupuk gambar dening panliti kanggo nguwatake asile panliten. Miturut Sugiyono (2013:240) dokumentasi

bisa awujud tulisan, gambar utawa karya-karya *monumentel* kang dianggit dening manungsa.

Dokumentasi minangka tata cara pangumpulan dhata dening panliti kanthi cara ngumpulake dokumen-dokumen saka sumber kang dipercaya. Metode dokumentasi miturut Arikunto (2006:231) yaiku proses kanggo ngumpulake dhata ngenani variabel kang arupa cathetan, traskrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulen rapat, agenda, lsp.

Adhedhasar rong pamawase ahli kasebut, nuwuhanke dudutan yen pangumpulan dhata kanthi cara dokumentasi kuwi minangka proses kang ditindakake dening panliti guna ngumpulake dhata saka pirang-pirang sumber medhia cetak, medhia sosial kang ngandharake dhata kang bakal ditliti.

Tatacara utawa cak-cakan kang digunakake kanggo ngumpulake dhata, yaiku, maca objek panliten kang arupa pethilan-pethilan (*quotes*) sajrone instagram @pathdailyjowo taun 2017. Sarampunge kuwi banjur nggoleki jinise, wujude, gunane, lan dhistribusi presuposisine. Dene kang pungkasan yaiku teknik cathet, yaiku tatacara kanthi nyathet sakabehing pamerangan adhedhasar teori kang digawe, isih ana sesambungan karo panliten. Tatacara nyathet ing panliten iki, katulis kanthi nggunakake piranti buku tulis lan pulpen utawa potlot. Sabanjure dhata diwujudake kanthi mujudake klarifikasi dhata.

### 3.5 Tatacara Njlentrehake Dhata

Sawise dhata kang dikarepake wis kecekel, banjur dhata iku diolah kanthi cara metodhe distribusional. Metodhe distribusional yaiku ngolah dhata arupa basa kanthi cara nemtokake perangane basa iku dhewe, utawa wujud basa kang digunakake (Sudayanto, 1993:13). Panliten iki diandharake miturut paugeran lan tatanan kang awujud ukara-ukara. Dhata kang wis dikumpulake banjur dijlentrehake kanthi cara dheskriptif. Dheskriptif ateges tata cara ngonceki dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka kang bisa menehi sawenehe andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka subjek panliten.

Sakabehe dhata ing panliten iki minangka jinise presuposisi. Dhata-dhata kasebut dijlentrehake kanthi metodhe formal yaiku ngandharake kanthi tandha-tandha lan lambang, sarta metodhe informal yaiku ngandharake kanthi nggunakake basa (Sudaryanto, 1993:144). Lambang yaiku cekakan saka dhasar-dhasar jinise pangira-ira.

Panjentrehe dhata sajrone panliten iki ditindakake kanthi cara nglumpukake dhata, ngandharake menyang unit-unit, nindakake sintesa, nyusun awujud pola, milih lan milah dhata ngendi wae kang penting kanggo ditliti lan nggawe dudutan. Sajrone pethilan-pethilan (*quotes*)

instagram @pathdailyjowo taun 2017 kasebut ditranskrip lan saben pethilan dideleng jinis, wujud, gunane banjur dideleng kontekse banjur digoleki presuposisine.

### 3.6 Tatacara Panulisan Asile Panliten

Tata cara panliten kanggo nyuguhake asile panliten presuposisi utawa pangira-ira iku yaiku diwujudake kanthi wujud deskripsi ngenani underan panliten. Sistematika panulisan panliten iku bakal kasusun saka lima perangan bab, yaiku:

- Bab I : Purwaka, isine ngenani landhesan panliten, underan panliten, tujuwan panliten, pedah panliten, wewatesan panliten, lan panjlentrehe tetembungan.
- Bab II : Tintingan Kapustakan. Isisne yaiku ngenani panliten sadurunge kang saemper, analisis wacana pragmatik, presuposisi, instagram, lan @pathdailyjowo.
- Bab III : Metodhe Panliten, isine yaiku ngenani ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrumen panliten, tata cara ngumpulake dhata, tata cara analisis dhata, tata cara nulis asile panliten.
- Bab IV : Pratelan saka asile panliten iki.
- Bab V : Panutup, kang isine dudutan lan pamrayoga.

## ANDHARAN LAN JLENTREHAN

### 4.1 Jinise Presuposisi Sajrone Pethilan-Pethilan (Quotes) Instagram @pathdailyjowo Taun 2017

#### 4.1.1 Presuposisi Faktif

Pethilan-pethilan (*quotes*) sajrone *instagram @pathdailyjowo* taun 2017 ngamot jinis presuposisi faktif (PF), minangka pangira-ira kang satemene ana sajrone konteks tuturan utawa tulisan. Presuposisi faktif yaiku pangira-ira kang nuduhake anane warta kang nyata. Presuposisi faktif ing kene diperang dadi loro adhedhasar jinis tembung kriyane, yaiku presuposisi faktif tanduk lan presuposisi faktif tanggap. Supaya luwih gamblang bakal dijilentrehake ing ngisor iki.

- (1) Gausah nggawe pernyataan nek akhire dadi pentanyaan.

*'Tidak perlu membuat pernyataan kalau akhirnya menjadi pertanyaan.'*

- (1a) Panutur nggawe pernyataan kang ora cetha kanggo mitra tutur.

*'Penutur membuat pernyataan yang tidak jelas untuk mitra tutur.'*

- (1b) Pernyataane panutur nuwuhake pitakonan tumrap mitra tutur.

*'Pernyataan panutur menimbulkan pertanyaan bagi mitra tutur.'*

(Path Daily Jowo 09 Januari 2017)

Konteks: wong kang lagi bingung marang maksud saka tuturane liyan

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuh merga anane panutur kang nduweni sesambungan minangka kancane mitra tutur lagi pacaturan. Nalika kuwi, panutur nduweni *pernyataan* kanggo mitra tutur, nanging *pernyataan* kasebut ora cetha. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduweni rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (1) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi faktif tanduk. Uga bisa dipestekake yen tuladhané kuwi mesthi penere. Ing tuladha (1a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen panutur kuwi ngomong marang mitra tutur supaya ora nggawe *pernyataan* kang ora cetha marang panutur. Banjur ing pangira-ira (1b) bisa nuwuhake pangira-irane pamaca yen *pernyataane* mitra tutur kasebut nuwuhake pitakonan. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake sebab tuwuhe pangira-ira yaiku tuwuh saka anane tembung kriya tanduk. Ing ukara (1) ana tembung kriya "nggawe" bukti yen tembung kriya tanduk dadi salah sawijine sebab tuwuhe presuposisi faktif tanduk. Konteks saka tuturan kuwi yaiku wong kang lagi bingung marang maksud saka tuturane liyan.

#### 4.1.2 Presuposisi Struktural

Pethilan-pethilan (*quotes*) sajrone *instagram @pathdailyjowo* taun 2017 saliyane ngamot presuposisi faktif, uga ngamot jinis presuposisi struktural (PS), minangka pangira-ira kang awujud ukara pitakon. Presuposisi struktural ing pethilan-pethilan (*quotes*) sajrone *instaram @pathdailyjowo* ana rong jinis, adhedhasar jinis ukarane, yaiku presuposisi struktural retoris, lan presuposisi struktural samar. Supaya luwih gamblang bakal dijilentrehake ing ngisor iki.

- (2) Pacaran kok digawe nangis terus.

*'Awakmu pacaran karo menungso opo karo bawang?'*

*'Pacaran kok dibuat menangis terus. Kamu pacaran dengan manusia atau dengan bawang?'*

- (2a) Mitra tutur kerep nangis amarga pacare.

*'Mitra tutur sering menangis karena pacarnya.'*

- (2b) Bawang kuwi bisa njalari mripat ngrasa pedhes, banjur nangis.

*'Bawang itu bisa menyebabkan mata terasa pedas, lalu menangis.'*

(Path Daily Jowo 31 Maret 2017)

Konteks: wong kang susah amarga tresnane

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuh merga anane panutur kang nduweni sesambungan minangka kancane mitra tutur.

Nalika kuwi, panutur nyemoni mitra tutur kang nangis terus nalika nduweni sesambungan tresna karo sisihane, padha kaya wong kang lagi ngresiki kulite bawang kang biyasane nangis amarga mripate panas. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduweni rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (2) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi struktural retoris. Uga bisa dipesthekake yen tuladhané kuwi mesthi penere. Ing tuladha (2a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen mitra tutur kerep nangis amarga pacare. Banjur ing pangira-ira (2b) bisa nuwuhake pangira-ira yen bawang kuwi bisa njalarí mripat ngrasa panas, banjur nangis. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake sebab tuwuhe pangira-ira yaiku tuwuhe saka ukara pitakon kang ora kudu dijawab, amarga wangslane wis ana sajrone pitakonan utawa maksud pitakonan kasebut. Wangsulan kang dimaksud ana sajrone ukara pitakonan kasebut yaiku pacaran karo manungsa. Wangsulan kang wis sinebut minangka bukti yen ukara kasebut kagolong presuposisi struktural retoris. Konteks saka tuturan kuwi yaiku wong kang susah amarga tresnane.

#### 4.1.3 Presuposisi Konterfaktual

Pethilan-pethilan (*quotes*) sajrone *instagram @pathdailyjowo* taun 2017 ngamot jinis presuposisi konterfaktual (PK), minangka pangira-ira kang nuduhake kahananan kang ora sabenere utawa ora padha karo kanyatan. Presuposisi konterfaktual sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) *instagram @pathdailyjowo* ing kene cacahé akeh. Mula, bakal diperang dadi loro, yaiku presuposisi konterfaktual nyata lan presuposisi konterfaktual mokal. Supaya luwih gamblang bakal dijilentrehake ing ngisor iki.

- (3) Nek power rangers berubah mergo ono musuh. Nek awakmu berubah mergo ono de'e.

*'Kalau power rangers berubah karena ada musuh. Kalau kamu berubah karena ada dia.'*

- (3a) Power rangers minangka salah sawijine panulung masyarakat saka wong kang jahat.

*'Power rangers merupakan salah satu penolong masyarakat dari orang jahat.'*

- (3b) Pacare panutur owah merga ana bocah liya.

*'Pacarnya penutur berubah karena ada anak lain.'*

(Path Daily Jowo 27Maret 2017)

Konteks: wong kang nduweni sesambungan tresna

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuh merga anane panutur kang nduweni sesambungan minangka pacare mitra tutur. Nalika kuwi, panutur kang wis nglakoni sesambungan tresnane suwe karo mitra tutur, ngrasa yen mitra tutur tumindake wis owah menyang panutur. Sawise panutur ndeleng padinane mitra tutur, panutur ngerti yen mitra tutur kuwi owah merga ana bocah liya kang dikira luwih becik tinimbang panutur. Dadi, panutur ing kene nyemoni mitra tutur lumantar tuturan kasebut. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduweni rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (3) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi konterfaktual nyata. Uga bisa dipesthekake yen tuladhané kuwi mesthi penere. Ing tuladha (3a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen power rangers minangka salah sawijine panulung masyarakat saka wong kang jahat. Banjur ing pangira-ira (3b) bisa nuwuhake pangira-ira yen pacare mitra tutur owah merga ana bocah liya. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake sebab tuwuhe pangira-ira konterfaktual nyata yaiku tuwuhe saka ukara kapindho yaiku nek awakmu berubah mergo ono de'e. Bukti kasebut minangka bukti kang nyata yen ana wong kang nduweni sesambungan, mesthi bisa dadi owah merga ana bocah liya kang dirasa luwih tinimbang pacare. Konteks saka tuturan kuwi yaiku wong kang nduweni sesambungan tresna.

#### 4.2 Wujude Presuposisi sajrone Pethilan-Pethilan (*Quotes*) Instagram @pathdailyjowo Taun 2017

##### 4.2.1 Presuposisi Faktif

Perangan iki bakal ngandharake wujude presuposisi faktif (PF) adhedhasar titikane. Wujude PF sajrone tuturan dititiki saka panganggone tembung kriya minangka panege anane warta sing diyakini kanyatané. Tembung kriya ing kene ana loro, yaiku tembung kriya tanuk lan tembung kriya tanggap. Supaya bisa dingertení kanthi luwih gamblang lan cetha mula ing ngisor iki bakal diandharake lan dijilentrehake wujude PF sajrone tuturan.

- (4) Susah disorak'i, seneng podo iri.

*'Susah disoraki, senang pada iri.'*

- (4a) Panutur nduweni pengalaman diireni wong.

*'Penutur mempunyai pengalaman diiri orang.'*

- (4b) Akeh wong kang seneng ndelok kasusahane liyan.

*'Banyak orang yang suka melihat kesusahan orang lain.'*

(Path Daily Jowo 12 Februari 2017)

Konteks: wong kang iri marang liyan

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuh merga anane panutur kang nduweni sesambungan minangka kancane mitra tutur. Nalika kuwi, panutur kang ora seneng marang tumindake mitra tutur kang iren, ing kene panutur nguntabake apa kang wis dirasakake lumantar tumindake mitra tutur nalika kahanane seneng lan susah. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduweni rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (4) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi faktif. Uga bisa dipesthakake yen tuladhané kuwi mesthi penere. Ing tuladha (4a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen panutur nduweni pengalaman diireni wong. Banjur ing pangira-ira (4b) bisa nuwuhake pangira-ira yen akeh wong kang seneng ndelok kasusahane liyan. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake sebab tuwuhe pangira-ira faktif yaiku tuwuhe saka tembung kriya tanggap disoraki. Tembung kasebut minangka tembung kriya tanggap saka tembung lingga sorak kang kawuwuhan ater-ater di- lan panambang -i. Konteks saka tuturan kasebut yaiku wong kang iri marang liyan.

#### 4.2.2 Presuposisi Struktural

Perangan iki bakal ngandharake wujude presuposisi struktural (PS) adhedhasar titikane. Wujude PS sajrone tuturan dititiki saka panganggone ukara pitakon minangka paneges anane warta sing isih butuh dipesthakake. Titikan presuposisi struktural yaiku anane tembung pitakon. Supaya bisa dingertení kanthi luwih gamblang lan cetha mula ing ngisor iki bakal diandharake lan dilentrehake wujude PS sajrone tuturan.

- (5) Opoaku kudu dadi indomie cek iso dadi seleramu?

'Apaaku harus jadi indomie, biar bisa menjadi seleramu?'

- (5a) Ana produk mie kang aran indomie.

'Ada produk mie yang bernama indomie.'

- (5b) Panutur dudu wong kang diresnani dening mitra tutur.

'Panutur bukan orang yang dicintai mitra tutur.'

(Path Daily Jowo 16 Februari 2017)

Konteks: wong kang ora dikarepake dening liyan

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuh merga anane panutur kang nduweni sesambungan minangka wong kang nresnani mitra tutur. Nalika kuwi, panutur kang dianggep ora kagolong tipe kang disenengi dening mitra tutur ngrasa kuciwa marang mitra tutur. Dadi, ing kene panutur

nuduhake segedhe apa rasa tresnane marang mitra tutur. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduweni rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (5) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi struktural. Uga bisa dipesthakake yen tuladhané kuwi mesthi penere. Ing tuladha (5a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen ana produk mie kang aran indomie. Banjur ing pangira-ira (5b) bisa nuwuhake pangira-ira yen mitra tutur wong kang ditresnani dening panutur. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake sebab tuwuhe pangira-ira struktural yaiku tuwuhe saka tembung pitakon apa'a. Konteks saka tuturan kasebut yaiku wong kang ora dikarepake dening liyan.

#### 4.2.3 Presuposisi Konterfaktual

Perangan iki bakal ngandharake wujude presuposisi konterfaktual (PK) adhedhasar titikane. Wujude PK sajrone tuturan dititiki saka panganggone ukara pangangen-angen minangka pepenginane panutur. Titikan presuposisi konterfaktul yaiku anane tembung pangket. Supaya bisa dingertení kanthi luwih gamblang lan cetha mula ing ngisor iki bakal diandharake lan dilentrehake wujud-wujude PK sajrone tuturan.

- (6) Nek status bbm'e gebetanmu sibuk nganti ora iso mbales chatmu mungkin iku artine sibuk chatan karo wong liyo.  
*'Kalau status bbm nya gebetanmu sibuk sampai tidak bisa membala chat mu mungkin itu artinya sibuk chatan dengan orang lain.'*

- (6a) Medhia sosial BBM bisa digawe sarana nulis status.

*'Media sosial BBM bisa dibuat sarana menulis status.'*

- (6b) Akeh kang ngechat pacare mitra tutur.

*'Banyak yang ngechat pacarnya mitra tutur.'*

(Path Daily Jowo 11 Juli 2017)

Konteks: wong kang nduweni sesambungan tresna

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuh merga anane panutur kang nduweni sesambungan minangka kancane mitra tutur. Nalika kuwi, panutur kang nduweni pengalaman ora dibales *chat-e* karo sisihane nurunake pengalamane kasebut marang mitra tutur kang ngalami apa kang wis dialami panutur sadurunge. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduweni rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (6) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi konterfaktual. Uga bisa dipesthekake yen tuladhané kuwi mesthi penere. Ing tuladha (6a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen medhia sosial BBM bisa digawe sarana nulis status. Banjur ing pangira-ira (6b) bisa nuwuhake pangira-ira yen akeh kang ngechat pacare mitra tutur. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake sebab tuwuhe pangira-ira konterfaktual nyata yaiku tuwuhe saka panganggone tembung pangiket ‘nek’. Konteks saka tuturan kuwi yaiku wong kang nduwéni sesambungan tressna.

### 4.3 Gunane Presuposisi sajrone Pethilan-Pethilan (Quotes) Instagram @pathdailyjowo Taun 2017

#### 4.3.1 Nyemoni

Nyemoni minangka tumindak kang nduwéni ancas kanggo nyaru tumindake liyan kang kurang trep kanthi blaka suta. Nyemoni kuwi beda karo ngrasani. Bedane yaiku yen nyemoni kuwi ana wong kang disemoni bisa minangka mitra tutur lan ora njalari mangkel lan lara ati wong kang disemoni. Dene ngrasani kuwi nuturake kurange liyan nanging wong kasebut ora ana lan bisa njalari mangkel lan larane ati wong kang dirasane kasebut. Presuposisi kang ana sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathdailyjowo taun 2017 uga nduwéni guna minangka pasemon. Supaya luwih cetha bakal dijilentrehake ing ngisor iki.

- (7) Mbales chatku ae suwe, ndanio mbales perasaanku.

*'Membalas chat ku saja lama, apalagi membalas perasaanku.'*

- (7a) Panutur tresna marang mitra tutur.

*'Penutur mencintai mitra tutur.'*

- (7b) Panutur ngechat mitra tutur.

*'Penutur mengechat mitra tutur.'*

(Path Daily Jowo 17 April 2017)

Konteks: wong kang nyemoni wong kang ditresnani

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuhe merga anane panutur kang nduwéni sesambungan minangka wong kang nresnani mitra tutur. Nalika kuwi, panutur kang *chat-e* ora dibales-bales dening mitra tutur banjur nyemoni mitra tutur lumantar tuturan kang kaya mangkono. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduwéni rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (7) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi faktif tanduk. Uga bisa dipesthekake yen tuladhané kuwi mesthi penere. Ing tuladha (7a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen panutur tresna marang mitra tutur. Banjur ing pangira-ira (7b) bisa nuwuhake pangira-ira yen panutur ngechat mitra tutur.

Andharan ing ndhuwur wis ngandharake gunane tuturan kasebut kanggo nyemoni wong kang ditresnani minangka mitra tutur kang suwe anggone mbales chate panutur. Konteks saka tuturan kuwi yaiku wong kang nyemoni wong kang ditresnani.

#### 4.3.2 Meling

Meling minangka tumindak kang nduwéni ancas kanggo ngelingake bab tartamtu kang dilalekake liyan. Meling kuwi beda karo menging. Bedane yaiku yen meling kuwi tujuwane supaya wong kang dielingake dadi eling marang bab tartamtu lan nindakake bab kasebut. Dene menging kuwi tumindak kang tujuwane supaya wong kang dipenging ora nindakake bab kang dimaksud. Presuposisi kang ana sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathdailyjowo taun 2017 uga nduwéni guna minangka pepeling. Supaya uwih cetha bakal dijilentrehake ing ngisor iki.

- (8) Mariki wes kate lulus loh. Yakin sek gak wani ngungkapno perasaanmu? Yowes awas nyessel yo.

*'Sebentar lagi sudah akan lulus loh. Yakin masih tidak berani mengungkapkan perasaanmu? Ya sudah awas menyel ya.'*

- (8a) Mitra tutur tresna marang liyan.

*'Mitra tutur mencintai orang lain.'*

- (8b) Mitra tutur ora wani blaka marang wong kang ditresnani.

*'Mitra tutur tidak berani jujur kepada orang yang dicintai.'*

(Path Daily Jowo 09 April 2017)

Konteks: wong kang meling supaya jujur marang apa kang dirasakake

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuhe merga anane panutur kang nduwéni sesambungan minangka kancane mitra tutur. Nalika kuwi, panutur ngelingake mitra tutur supaya nuduhake rasa tresnane marang bocah kang ditresnani sadurunge lulus, amarga panutur kuwatir yen mitra tutur bakal getun. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduwéni rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (8) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi struktural samar. Uga bisa dipesthekake yen tuladhané kuwi mesthi penere. Ing tuladha (8a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen mitra tutur tresna marang liyan. Banjur ing pangira-ira (8b) bisa nuwuhake pangira-ira yen mitra tutur ora wani blaka marang wong kang ditresnani. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake gunane tuturan kasebut kanggo meling wong kang ora wani nuturake rasa tresna kang diduwéni. Konteks saka tuturan kuwi yaiku wong kang meling supaya jujur marang apa kang dirasakake.

#### 4.3.3 Menging

Menging kuwi tumindak kang tujuwane supaya wong kang dipenging ora nindakake bab kang dimaksud. Wis kaandharake kanthi cetha bab bedane menging lan meling. Ora mung meling wae, nanging presuposisi kang ana sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathdailyjowo taun 2017 uga nduwensi guna minangka pamenging. Supaya luwih cetha bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

- (9) Ojo ngekek'i janji manis nek akhire ninggalno tangis.

'Jangan memberi janji manis jika akhirnya meninggalkan tangis.'

- (9a) Mitra tutur wis menehi janji marang panutur.

'Mitra tutur sudah memberi janji kepada penutur.'

- (9b) Mitra tutur mblenjani janjine.

'Mitra tutur mengingkari janjinya.'

(Path Daily Jowo 04 Februari 2017)

Konteks: wong kang menging wong kang menehi janji

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuhan merga anane panutur kang nduwensi sesambungan minangka pacare mitra tutur. Nalika kuwi, panutur kang menging mitra tutur janji marang panutur, amarga pungkasane mesthi mitra tutur mbolenjani janjine. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduwensi rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (9) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi konterfaktual nyata. Uga bisa dipesekake yen tuladhane kuwi mesthi penere. Ing tuladha (9a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen mitra tutur wis menehi janji marang panutur. Banjur ing pangira-ira (9b) bisa nuwuhake pangira-ira yen mitra tutur mbolenjani janjine. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake gunane tuturan kasebut kanggo menging aja gampang njanjeni liyan, amarga susah anggone netepi janji. Konteks saka tuturan kuwi yaiku wong kang menging wong kang menehi janji.

#### 4.3.4 Nyuwun

Nyuwun kuwi tumindak kang ditindakake liyan supaya bab kang disuwun marang liyan kuwi kawujud. Nyuwun kuwi tumindak kang akeh banget wujude, amarga nyuwun iki gumantung marang bab kang disuwun. Presuposisi kang ana sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathdailyjowo taun 2017 uga nduwensi guna minangka panyuwun. Supaya luwih cetha bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

- (10) Semangat dino senin. Dadi kapan aku mbok halalin?

'Semangat hari Senin. Jadi kapan aku kamu halalin?'

- (10a) Tuturan kasebut dituturake nalika dina Senin.

'Tuturan tersebut diucapkan ketika hari Senin.'

- (10b) Panutur nduwensi pacar.

'Penutur mempunyai pacar.'

(Path Daily Jowo 12 Juni 2017)

Konteks: wong kang nyuwun supaya dirabi dening pacare

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuhan merga anane panutur kang nduwensi sesambungan minangka pacare mitra tutur. Nalika kuwi, panutur njaluk supaya mitra tutur cepet ngajak omah-omah panutur, amarga wis suwe anggone pacaran. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduwensi rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (10) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi struktural samar. Uga bisa dipesekake yen tuladhane kuwi mesthi penere. Ing tuladha (10a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen tuturan kasebut dituturake nalika dina Senin. Banjur ing pangira-ira (10b) bisa nuwuhake pangira-ira yen panutur nduwensi pacar. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake gunane tuturan kasebut kanggo nyuwun pacare supaya ngrabi dheweke. Konteks saka tuturan kuwi yaiku wong kang nyuwun supaya dirabi dening pacare.

#### 4.3.5 Nggodha

Nggodha kuwi tumindak kang ditindakake liyan marang wong kang wis dikenal suwe utawa akrab. Tumindak nggodha iki dilakoni supaya bab kang dadi pepenginane kawujud utawa njalari atine liyan seneng. Nggodha kuwi ditindakake salah sijine wong marang liyan kang kinira gampang anggone digodha. Presuposisi kang ana sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathdailyjowo taun 2017 uga nduwensi guna minangka panggodha. Supaya luwih cetha bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

- (11) Ora iso ngelukis alis, isoku mung ngelukis kenangan indah bersamamu.

'Tidak bisa melukis alis, bisaku hanya melukis kenangan indah bersamamu.'

- (11a) Panutur ora bisa dandan.

'Penutur tidak bisa dandan.'

- (11b) Panutur nduwensi pacar.

'Penutur mempunyai pacar.'

(Path Daily Jowo 01 Agustus 2017)

Konteks: wong kang nggodha pacare

Adhedhasar dhata ing ndhuwur, bisa diweruhi yen pethilan kasebut tuwuhan merga anane panutur kang

nduweni sesambungan minangka sisihane mitra tutur. Nalika kuwi, panutur ngrasa ora bisa ngapa-apa, nanging dheweke bisa percaya banget yen sesambungan tresnane kuwi bakal endah pungkasane. Mula, panliti ing kene minangka mitra tutur kaloro nduweni rong pangira-ira kang cundhuk karo pethilan kasebut. Dhata kasebut uga kalebu salah sawijine sabab tuwuhe pangira-ira. Luwih cethane ing ngisor iki.

Dhata (11) bisa nuwuhake pangira-ira kang kalebu presuposisi faktif tanduk. Uga bisa dipestekake yen tuladhané kuwi mesthi penere. Ing tuladha (11a) kang nuwuhake pangira-irane pamaca yen panutur ora bisa dandan. Banjur ing pangira-ira (11b) bisa nuwuhake pangira-ira yen panutur nduweni pacar. Andharan ing ndhuwur wis ngandharake gunane tuturan kasebut kanggo nggodha pacare. Konteks saka tuturan kuwi yaiku wong kang nggodha pacare.

#### 4.4 Pola Distributife Presuposisi sajrone Pethilan-Pethilan (Quotes) Instagram @pathailyjowo Taun 2017

Pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathailyjowo taun 2017 ora kabeh bisa nuwuhake pangira-ira utawa praanggapan. Kanyatan kaya mangkono, bisa nuwuhake panglumpukane dhata kang arupa pethilan mau ana ing wulan tartamtu. Panglumpukane dhata kasebut bisa diarani minangka pola distributif dhata kang bisa nuwuhake pangira-ira. Adhehasar dhata kang wis diklumpukake dening panliti, mula bisa dideleng pola distributif dhata kasebut ing ngisor iki.

- (1) Distribusine presuposisi faktif tanduk ana saben sasine.
- (2) Distribusine presuposisi faktif tanggap ana saben sasine.
- (3) Distribusine presuposisi struktural retoris ora mesthi ana saben sasine
- (4) Distribusine presuposisi struktural samar mesthi ana saben sasine.
- (5) Distribusine presuposisi konterfaktual nyata ora mesthi ana saben sasine.
- (6) Distribusine presuposisi konterfaktual mokal ora mesthi ana saben sasine.

### PANUTUP

#### 5.1 Dudutan

Panliten ngenani presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathailyjowo taun 2017 iki ngasilake 133 (status telung puluh telu) dhata kang ngamot jinise presuposisi. Presuposisi kang kinandhut sajrone dhata kasebut ana telung jenis, yaiku presuposisi faktif, presuposisi struktural, lan presuposisi konterfaktual. Adhedhasar wujud tembung kriyane, presuposisi faktif

kaperang dadi loro, yaiku presuposisi faktif tanduk lan presuposisi faktif tanggap. Presuposisi struktural kaperang dadi loro adhedhasar jinis ukarane, yaiku presuposisi struktural retoris lan presuposisi struktural samar. Semana uga presuposisi konterfaktual kang kaperang dadi loro adhedhasar maksud tuturane, yaiku presuposisi konterfaktual nyata lan presuposisi konterfaktual mokal.

Adhedhasar andharan lan jlentrehan sadurunge bisa diwruhi yen wujude presuposisi faktif tanduk kuwi dititiki kanthi anane tembung kriya tanduk, dene presuposisi faktif tanggap dititiki kanthi anane tembung kriya tanggap. Presuposisi struktural retoris bisa dititiki kanthi wujud ukara pitakon kang ora mbuthake jawaban, lan wujud ukara pitakon kang ngemu tujuwan liya bisa dadi titikan presuposisi struktural samar. Banjur anane tembung pangumpama kuwi bisa dadi titikane presuposisi konterfaktual.

Sawise ngandharake lan njlentrehake dhata kasebut, bisa dingertené yen gunane presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathailyjowo taun 2017 kuwi ana lima, yaiku nyemoni, meling, menging, nyuwun, lan nggodha. Saliyane kuwi, pola distributif saka presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathailyjowo taun 2017 ana kang rata utawa bisa ditemokake saben sasine lan ora rata utawa ora bisa ditemokake saben sasine. Bisa nuwuhake dudutan yen presuposisi faktif kuwi luwih onjo sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathailyjowo taun 2017. Adhedhasar satus telung puluh telu dhata, presuposisi sajrone pethilan instagram @pathdailyjowo taun 2017 ditemokake suwidak pitu pethilan kagolong presuposisi faktif, patang puluh siji pethilan kagolong presuposisi struktural, lan selawe kutipan pethilan kagolong presuposisi konterfaktual.

#### 5.2 Pamrayoga

Panliten iki isih akeh lupute, mula panliti ngarepake ana panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa kasil kang luwih apik. Saliyane kuwi panliti uga menehake pamrayoga kanggo panliten ngenani presuposisi sajrone pethilan-pethilan Jawa, yaiku (1) isih akeh sumber dhata kang ngamot presuposisi kang durung ditiliti, mligine kanggo para mahasiswa basa Jawa diajab bisa luwih sregep nindakake panliten ngenani presuposisi sajrone pethilan-pethilan Jawa, (2) panliten ngenani presuposisi sajrone pethilan-pethilan (*quotes*) instagram @pathailyjowo taun 2017 mesthine nduweni luput lan kurang. Mula diajab ana panliten kang jangkep saka panliten iki.

## KAPUSTAKAN

- Alamsyah, Teuku. 2010. *Pragmatik*. Modul tidak diterbitkan. Banda Aceh: FKIP Unsyiah.
- Aminudin, 2011. *Semantik: Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Arikunto, Suharsimi. 1988. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Atmoko, Dwi Bambang. 2012. *Intagram Handbook Tips Fotografi Ponsel*. Jakarta: Media Kita
- Basui, Laode. 2005. "Praanggapan Tindak Turut dalam Persidangan di Kantor Pengadilan Negeri Kota Palu" *e-Jurnal Bahasantodea, Volume 3 Nomor 2, April 2015* hlm 129-143 (sajrone jurnal.untad.ac.id/jurnal/index.php/Bahasantodea/article/view/6321)
- Bloomfield, Leonard. 1964. *Language*. Chicago: Mc Grawhill
- Brown, Gillian and George Yule. 1996. *Analisis Wacana* (terj. Soetikno, I). Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Dia, Eva Eri. 2012. *Analisis Praanggapan Konsep Tindak Turut (Presuposition) dalam Program Talk Show*. Malang: Madini.
- Djajasudarma, T Fatimah. 1993. *Metode Linguistik: Arcangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: Reitiqa Aditama
- Ghufron, Syamsul. 2010. *Analisis Wacana Sebuah Pengantar*. Surabaya: Asri Press
- Hamidi. 2004. *Metode Penelitian Kualitatif: Aplikasi Praktis Pembuatan Proposal dan Laporan Penelitian*. Malang: UMM Press
- Hendri, muhammad Yusup, Yuliana Isma Gaha. 2007. *Pengertian Media Sosial*, [Online],(<http://wlipurn.blogspot.co.id/2017/04/wlipurn.html>, dideleng tanggal 19 Februari 2017)
- Horn, Laurence R & Ward, Gregory. 2006. *The Handbook of Pragmatics*. USA:Blackwell
- Kridalaksana, Harimurti. 1984. *Kamus Linguistik Edisi Kedua*. Jakarta: Gramedia
- Leech, Geoffrey. 1994. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. Jakarta: UI Press
- Levinson, Stephen C. 1983. *Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University
- Maulidi, Achmad. 2016. *Pengertian Kutipan (Quote)*. [Online] a(<https://www.kanalinfo.web.id/2016/09/pengertian-kutipan-quote.htm?>)
- Mulyana, Deddy. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode, dan Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana
- Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik: Teori dan Penerapannya*. Jakarta: Depdikbud
- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Padmosoektojo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti.
- Pateda, Mansoer. 1988. *Linguistik Sebuah Terapan*. Bandung:Angkasa.
- Pranowo & Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Kongres Bahasa Jawa.
- Purwo, Kaswanti Bambang. 1990. *Pragmatik dan Pengajaran Bahasa: Menyibak Kurikulum 1984*. Yogyakarta: Kanisius
- Ramlan, M. 1983. *Sintaksis Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: CV Karyono.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Tata cara Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sugiyono. 2006. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabet.
- Sutopo. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Surakarta: UNS
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengkajian Pragmatik*. Bandung: Angkasa
- Wijana, I. Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset
- Wijana, I Dewa Putu & Rohmadi, Muhammad. 2009. *Analisis Wacana Pragmatik Kajian Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka
- Yule, George. 2006. *Pragmatik* (terj. Wahyuni). Yogyakarta: Pustaka Pelajar